



KRIZ LAVICHÈ, PWODIKTÈ LÈT AYISYEN YO DI :

Nou ka bay tout peyi a lèt !



ANDEDAN JOURNAL LA

> **Prezantasyon jounal Pale koze n!** paj 3

> **Asosyasyon Entèvèt** paj 3

> **Federasyon Nasyonal Pwodiktè Lèt Ayisyen** paj 4

> **Lèt bèf peyi nan lekòl yo** paj 4

Apre manifestasyon kont lavichè ki te fèt nan kòmansman mwa davril 2008 la, Prezidan Preval te fè yon deklarasyon sou nesosite pou pwodiksyon nasyonal la ogmante nan peyi Dayiti. Prezidan an bay kèk egzanp sou kalte pwojè ki ta ka fèt nan peyi a pou pèp la jwenn plis manje. Li te site pwojè **Lèt Agogo**. Federasyon Nasyonal Pwodiktè Lèt Ayisyen **FENAPWOLA** pap bliye deklarasyon sa a epi li vle plase mo pa l tou sou deklarasyon prezidan an.

Kòz lavichè a

Lavichè chèn a ap frape anpil peyi sou latè, ladan yo gen peyi rich ak peyi pòv. Pri yo ap monte tèt nèg toupatou. Nan lane 2007 la, pri manje an jeneral ogmante prèske 50% sou mache entènasyonal la. Pri ble pou fè pen, pri diri, mayi, lwil, pase de fwa lavalè, menm twa fwa lavalè pandan 2 lane ki sot pase la a.

Youn nan pwodui kap monte mòn ankò, se petwòl la. Soti nan lane 1998 rive 2008, pri petwòl la soti nan 10 dola meriken pou yon baril pou li depase 100 dola. Soti nan mwa davril rive nan mwa jiyè 2008, pri petwòl la gen tan rive menm nan 140 dola vèt. Kidonk, plis petwòl la vin pi chè, se plis lavichè a ap ogmante paske yon peyi pa ka fonksyone san pwodui ki fèt ak petwòl, tankou gazolin, dyezèl ak kewozèn.

An Ayiti, pifò manje nap manje, se lòtbò nou achte yo, konsa lè pri yo monte lòtbò, pwodui yo vin pi chè pa bò isit tou. Men, kisa ki fè nou oblije achte pi fò sa nap manje lòtbò? Anpil moun konn repons la deja, Prezidan an di l ankò pou moun ki ta ka bliye l : « Jodi a nap peye pri yon politik yap aplike sa fè plis pase 20 lane ... » Li fè n sonje : « Nan lane 1987, lè nou te fè diri bon mache rantrè anndan peyi a anpil moun te bat bravo. Diri etranje bon mache kraze diri Latibonit la. Jodi a, diri enpòte vin chè pandan pwodiksyon

nasyonal nou an kraze. Sa vle di: mizè pi rèd! »

Akòz tout traka sa yo nan peyi a jounen jodi a pou moun manje, FENAPWOLA kwè, menm jan ak chèf Leta a, solisyon dirab ak pwoblèm lavichè a se ranfòsman pwodiksyon nasyonal la.

Pwoblèm peyizan nan pwodwi lèt

Konsènan sektè pwodiksyon lèt la, espesyalman nan yon kaye revandikasyon plizyè asosyasyon pwodikètè lèt ki andedan FENAPWOLA te fè parèt deja nan lane 2007, nou pi klè toujou sou sa ki ta dwe fèt pou sektè sa a vin pi djanm.

Gen anpil pwoblèm ki anpeche pwodiksyon lèt bèf peyi a devlope ki ta dwe rezoud.

Pi gwo pwoblèm k ap brase bil nou se sa nou pral site la yo :

- 1-Pwoblèm wout, ki fè transpòte lèt se yon tèt chaje,
- 2-Pwoblèm kouran, ki bay difikilte pou konsève lèt la,
- 3-Pwoblèm manje ak dlo pou bèt yo, sitou nan epòk sechrès
- 4-Moun kap vòlè bèt nan peyi a
- 5-Pwoblèm tè pou gade bèt yo,
- 6-Zafè sante bèt yo, kote Leta toujou ap fè ...

swit paj 3

Grip volay yo (grip avyè) Kè nou pa bezwen sote !



Èske nou andanje ak prezans maladi grip volay yo (grip avyè) an Ayiti?

Nou mèt poze. Pa gen okenn danje. Se yon mikwòb ki bay volay yo grip sa a. Men nan tout sa nou rele grip volay yo, gen plizyè kalte mikwòb. Gen sa ki se yon danje ni pou poul ni pou moun ; gen sa tou ki pa reprezante okenn danje.

Mikwòb grip volay yo otorite yo anonse yo jwenn nan peyi d'Ayiti a pa ka fè moun anyen epi li pa menm fè poul yo preske anyen. Pou koulye a, li ka ba yo yon ti grip tou piti. Mikwòb yo jwenn an Ayiti a se yon viris ki pote non H5N2. Se yon mikwòb ki fèb. Se menm mikwòb sa a yo te jwenn an Repiblik dominikèn. Li fè pati fanmi mikwòb grip volay yo men li diferan anpil ak yon kouzen l ki rele H5N1, ki li menm ap fè gwo dega nan yon seri lòt peyi, sitou nan zòn Azi (Vyètnam, Lachin elatriye) ak kèk peyi Lafrik. Viris H5N1 an pa egziste nan okenn peyi rejyon Amerik la.

swit, paj 2

Swit atik grip vol ay yo...

Viris H5N2 ki sou zile a, nou jwenn li nan lòt peyi nan kontinan ameriken tankou Etazini, Kanada, Meksik ak lòt ankò. H5N2 a fèb anpil.

Nan mwa desanm 2007, Dominiken yo te vin dekouvri viris H5N2 pandan yo tap fè kèk tès sou yon seri poul, ras kòk batay, yo ta pral voye nan peyi Kolonbi. Okenn nan poul yo pat malad, men yo te vin dekouvri nan san kèk ladan yo, jèm viris la. Se menm jan tou sa pase an Ayiti. Apre yo te fin konnen te gen poul ki gen viris la nan Sendomeng, Ministè Lagrikilti te mache pran san poul plizyè kote nan peyi a epi se konsa yo dekouvri gen kèk poul an Ayiti ki gen jèm viris la nan san yo. Men, tout sa fèt san okenn poul pa malad.

Jounen jodi a, Dominiken yo pa vrèman konnen ni ki kote viris la soti, kouman li te antre, ni depi kilè li lakay yo.

Poukisa yo mete anbago sou ze ak poul dominiken si viris H5N2 a pa ka fè moun anyen epi li pa menm fè volay yo malad ?

Se vre, viris H5N2 a pa ka fè moun anyen, se vre tou jounen jodi a, li pa vreman fè poul yo anyen nonplis. Men, viris la gen dwa vin pran plis fòs epi li kòmanse touye poul pa pakèt, menm lè li pap fè moun anyen. Sa rive nan lòt peyi tankou Meksik ak Salvadò. Se pou rezon sa a, Kolonbi oubyen Ayiti pa gen okenn enterè pou kite yon nouvo viris rantre lakay yo, menm lè se yon viris ki pa reprezante yon danje pou sante moun. Lè otorite ayisyen yo te mete entèdiksyon sou enpòtasyon ze ak poul dominiken, se te pou pwoteje elvaj poul an Ayiti, men se pa paske viris la te ka nwi moun. Pou yo anpeche viris la gaye plis an Ayiti, fòk yo kontinye anpeche pwodui volay yo ki sot Sendomeng rantre nan peyi a.

Kòman yon peyi kapab fè viris la disparèt lakay li?



Si yon viris fenk parèt, si yo konnen ak lè, ekzakteman nan ki zòn li parèt, yo kapab touye tout poul ki nan zòn nan, sa kab pèmèt yo detwi viris la, epi anpeche l gaye toupitou. Men aksyon sa a se pa yon bagay ki fasil. Ekzanp Sendomeng la montre nou sa. Jounen jodia, menm lè Dominiken te touye yon pakèt poul nan zòn Igwe, sa pa anpeche yo vin jwenn yon pakèt poul ki gen viris la preske tout kote nan peyi yo a. Li pa fasil ditou pou fè yon travay konsa, menm nan yon seri gran peyi ki gen anpil mwayen nan men yo. Nenpòt volay, zwazo ki konn janbe peyi kapab pote viris la.. Se sak fè gen anpil peyi ki chwazi yon lòt zam pou konbat viris la, se vaksinasyon an.

Ki avantaj vaksinasyon an bay epi ki pwoblèm li ka bay?

Kote vaksen an kapab anpeche poul yo malad, li pap anpeche yon poul pote viris la nan san l epi menm pafwa, pote viris la bay yon lòt poul. Men anpil peyi ki konnen yo pa kapab rete viris la ak metòd touye poul yo, yo reziyen yo, yo chwazi fè vaksinasyon an.

Kidonk chak desizyon gen avantaj ak pwoblèm li. Fè vaksinasyon vle di kontinye fè sa pandan anpil tan, men metòd touye poul la koute anpil lajan epi gen dwa gen gwo konsekans ekonomik ak sosyal.

Jounen jodi nou konnen viris la gentan gaye Sendomeng, nou konnen an Ayiti nou jwenn li plizyè kote nan tout Nò a; Wanament, Limonad, Ferye, Okap; Nan Plato Santral, Sèkalasous; Nan Nip, Miragwàn. Yap bouske toujou.

Èske nou pa ta dwe kòmanse vaksinen poul yo an Ayiti?

Jan nou te di deja, viris nou jwenn sou zile a pa menm fè poul yo malad epi li pa prezante okenn danje pou moun. Kifè pa gen rezon pou yo ta mete yon mache prese nan koze vaksinasyon. Vaksinasyon mande anpil òganizasyon, anpil kòb, epi gen lòt maladi ki touye plis poul ki fè anpil dega nan peyi dayiti tankou nyoukastèl, yo rele lafyèyè poul, ki ta merite plis atansyon. Tout Ayisyen konnen kijan lafyèyè sa a touye yon pakèt poul chak ane apre



yon ti kay pou rasanble poul yo lanwnit

epòk karèm. Ki sans sa ta genyen pou ta fè yon gwo mobilizasyon, depanse anpil lajan pou vaksinen poul yo kont yon maladi ki ka fè poul yo malad, alòske nou neglije yon lòt maladi ki gen vaksen pou li, ki fè anpil peyizan pèdi poul yo, pèdi lajan chak ane ?

Viris H5N2 a pa fè poul yo anyen men li gen dwa vin pran fòs, eske nan vin pran fòs, nan fè poul yo malad li ka fè moun malad tou, eske li gen dwa tounen H5N1 ?

Non. Viris H5N2 a pa ka fè moun anyen. Li gen dwa vin pran fòs, men se pa moun li pral atake, se poul ki pral malad. Se sa ki rive nan lòt peyi tankou Meksik. Lè viris H5N2 a kòmanse fè poul yo malad, li bay menm siy ak maladi Nyoukastèl ki vle di anpil poul kòmanse mouri. Yo mouri ak rim, pafwa dyare epi tèt yo konn vire tou. Lè sa a, yo deside fè vaksinasyon.

Kisa ki ta dwe fèt jounen jodi a nan aktivite elvaj poul nan peyi Dayiti ?

2 gouvènman yo dwe konprann leson an paske ni viris yo ni zwazo pa konn fwontyè anplis yo pa bezwen viza. Fòk 2 peyi yo fè yon tèt kole pou yo gen yon sèl plan ni pou kontwòl H5N2 a, ni pou fè prevansyon kont H5N1. Pousa gen yon seri desizyon ki pou pran: Nan nivo elvaj peyizan an, gen yon seri abitud ki pou chanje. Fòk tout moun kòmanse mete plis kontwòl sou poul yo. Chak elvè ta dwe konstwi yon ti kay pou rasanble poul yo lanwnit. Sa ap pèmèt peyizan an dekouvri pi fasil yon poul ki malad, ba l swen oubyen vaksinen l. Fò yo ta limite espas kote poul yo mache, fè tipak pou yo pou yo pa gaye nan tout vwazinaj. Fòk elvè yo pran yon rantre kote y ap gade poul yo. Nenpòt moun ka pote anba soulye li rès watè yon poul ki te malad,

pote l ale nan yon lòt elvaj. Tout sa se ekzanp ak lòt ankò sou kijan pou yo anpeche yon seri maladi gaye.

Jan sityasyon an ye jounen jodi a, sa ki pi enpòtan pou mwen, se kontinye fè tès pou konnen ki kote viris la ye nan peyi a, ankouraje moun yo mete plis kontwòl sou poul yo epi veye viris la. Veye vle di: swiv poul yo pou konnen si viris la pap pran fòs epi prepare nou pou si nou ta bezwen fè vaksinasyon an. Nan menm moman an se pou nou òganize vaksinasyon kont maladi nyoukastèl. Si nou reyisi fè bon vaksinasyon kont maladi nyoukastèl, nap deja byen prepare pou nou vaksinen poul yo kont nenpòt maladi, kit se H5N2, oubyen menm H5N1 si sa ta vin nesèsè.

Kòman nou fè konnen H5N1 an pa sou zile a ?

Tout kote ki gen lak ak letan, kote zwazo ki soti lòtbò lanmè vin poze Ayiti, Ministè Lagrikilti mete yon sistèm siveyans kanpe. Gen ajan veterinè ki la pou fè tès sou zwazo sa yo ak poul ki nan vwazinaj yo. Depi kèk mwa, gen plizyè milye analiz ki fèt epi ki montre viris la pa prezan. Egzamen sa yo fèt nan Laboratwa Veterinè Tamarinye ki gen yon pakèt ekipman epi, jan regleman entènasyonal yo di, Laboratwa sa a konn voye tès yo refè nan yon Laboratwa entènasyonal ki Ozetazini. Jounen jodi a, tout peyi rekonèt sistèm siveyans ki genyen an Ayiti pou grip volay yo, se youn nan pi bon sistèm ki genyen nan rejyon Karayib la. ■

Pale Koze n !

Komite redaksyon

Fritz Joseph (FENAPWOLA)
Sainfanel Pierre Louis (RENALEA)
Benoît Cilencieux (Entèvèt)
Rock André (AGROPRESSE)
Michel Chancy (VETERIMED)

Grafis : Christian Chérubin (AGROPRESSE)
Enpresyon : KISKEYA PRÉS
Depo Legal : Bibliyoték Nasyonal d Ayiti
No:



Pale koze'n!

Pale koze n! Se vwa nou menm, divès òganizasyon k ap goumen pou pote yon alemye nan kondisyon lavi tout ti peyizan ayisyen yo. Nou se òganizasyon kap travay sitou nan zafè gadinaj bèt, sante bèt yo ak lòt aktivite nan agrikilti.

Bèt yo se kanè bank peyizan. Fòk nou pwoteje yo. Pwodiksyon bèt yo, se yon gwo zouti ki ka kreye richès pou sèvi devlopman peyi a, ak chanje kondisyon lavi moun.

Pale koze n! la pou li pale tout koze ki konsène w, ou menm elvè ak ou menm sitwayen ki vle konprann pwoblèm ki gen nan sektè sa a. Pale Koze w! ap louvri je w sou tout sa ki ka fèt, tout sa ki dwe fèt pou devlopman aktivite elvaj ak devlopman peyi a.

Vin patisipe nan konbit sa a. Voye enfòmasyon ban nou,

ede n gaye enfòmasyon yo, Ann Pale koze n!

Men ki òganizasyon k ap patisipe jounen jodi a nan fè jounal Pale koze n!

- 1- FENAPWOLA, ki se Federasyon Nasyonal Pwodiktè Lèt Ayisyen. Federasyon sa a te fonde nan mwa desanm 2007. Li rasanble yon pakèt asosyasyon pwodiktè lèt ki nan : Limonad, Wanament, Tèrye Wouj, Mamlad, Vèrèt, Kwadèboukè (Mèje ak Moleya), Jakmèl, Kay Jakmèl (Kap Wouj), Ench, ak lòt ankò...
- 2- ENTÈVÈT, ki se Rezo Nasyonal Veterinè Entèdepantal. Entèvèt te fonde nan lane 1992. Se yon asosyasyon ki rasanble plis pase 1000 ajan veterinè peyizan ki toupatou nan peyi a. Entèvèt fòme ak yon seri gwoup nan chak komin.
- 3- COSEVO, ki se Koperativ Sèvis Elvaj ak Sèvis Veterinè Lwès. COSEVO se yon antrepriz koperativ k ap vann pwodui, medikaman ak vaksen pou bèt.
- 4- RENAELA: Rezo Nasyonal Lèt Agogo, ki se yon asosyasyon ki rasanble 14 antrepriz kap transfòme lèt peyizan yo nan 7 depatman nan peyi a.
- 5- AGROPRESSE: ki se yon ajans kap simaye enfòmasyon sou agrikilti ak devlopman rural
- 6- VETERIMED, ki se yon ONG ayisyen kap kore aktivite elvaj ak sante bèt nan peyi a.

Swit atik Lavichè a ...

mòde lage nan zafè vaksinen bèt yo. Malgre pwoblèm sa yo, nou menm ti peyizan k ap gade bèf, nou di: **“depi nou ta jwenn plis kolaborasyon nan men Leta, nou kapab pwodui tout lèt bèf peyi a bezwen”**.

Si se pou sa, nou dakò ak Prezidan an lè li di egzanp **Lèt Agogo** a montre aklè sa kapab fèt. Depi pwodiktè yo jwenn yon bon ankadreman, pwodiksyon nasyonal la kapab kanpe devan nenpòt ki kalite lèt etranje.

Kantin nan lekòl, yon gwo zouti pou devlopman

Se nou menm ti peyizan ki fè tèt ansanm nan Lèt Agogo pou bay lèt pou 13 000 ti moun nan 44 lekòl nan ane 2007 ak 2008. Lèt nou transfòme nan Lèt Agogo a, li bon kalite epi li kapab konsève san kouran pandan plis pase 9 mwa!

Pwogram kantin nan lekòl yo dwe tounen yon kokenn zouti pou devlopman pwodiksyon nasyonal la. Etan ti moun yo ap jwenn bon kalte manje, se tout fanmi yo k ap jwenn plis kòb nan men yo. Lajan se richès k ap rete nan peyi a, pou pèmèt moun yo mete lòt aktivite kanpe. Leta te ka mande tout òganizasyon entènasyonal ki di yo vle ede peyi a pou yo fè menm bagay. Sa vle di se nan men ti peyizan yo pou yo achte tout pwodui yo pral distribye nan lekòl yo ak lòt pwogram distribisyon manje. Se pa lèt ase yo ka achte, se tout lòt kalte pwodui tankou: diri, pwa, mayi, manba, kasav, ji, zoranj, fig, elatriye. Lè Leta ak lòt enstitisyon yo decide achte pwodui nan men ti peyizan yo, fòk yo respekte angajman yo, fòk yo peye sa y ap achte a davans pou ti pwodiktè yo pa rete ap soufri. Pèman davans la

kapab itil pwodiktè yo ak ti antrepriz k ap prepare pwodui yo pou yo pote amelyorasyon nan kalite pwodui yo. Pwodui sa yo ta dwe distribye nan menm zòn yo prepare yo. Sa ap ede pwodiktè yo paske pwoblèm move kondisyon wout yo ak gaz ki chè a, ap peze nou anpil. Konsa, lajan an ap rete nan zòn nan, se sa yo rele desantralizasyon tou!

Leta kabab kore pwodiksyon lèt la.

Nan koze lèt la, nou menm nan FENAPWOLA nou konnen letri Lèt Agogo yo ap pase anpil mizè pou touche lajan yo nan men Leta. Lè sa a, se peyizan pwodiktè lèt la k ap soufri ak tout fanmi li. Leta ta dwe peye a lè, sinon davans, pou pèmèt letri yo kontinye achte lèt nan men elvè yo, transfòme li epi fè estòk pandan tout peryòd vakans yo.

Jounen jodi a, se 14 letri ki nan Rezo Lèt Agogo a. Nan tout kòb sa a y ap mande pou peyi a, gen posibilite pou Leta ta mete yon pwogram kredi pou nou ta konstwi plis letri toujou. Leta ta dwe chache finansman pou gaye pwogram sa a nan chak komin nan peyi a pou pèmèt plis timoun lekòl bwè bon jan lèt epi pou pèmèt plis peyizan vann lèt yo pou yo ka amelyore kondisyon lavi yo. ■



COSEVO

Tout medikaman, vaksen ak swen pou bèt Kalite garanti!
Bon pri!
No 1 ri Lafleur Duchaine,
Pòtoprens
2221-8347



Asosyasyon Entèvèt



vaksinasyon kont maladi Nyoukastèl

Depi nan ane 70 yo, anpil ONG te kòmanse travay nan peyi d'Ayiti. ONG k ap travay andeyò te kapab wè kijan peyizan yo pa jwenn okenn sèvis nan men Leta sitou nan domèn teknik. Nan ane 86 la, vin gen yon gwo chanjman nan peyi a. Diktatè Jean Claude Duvalier te pèdi pouvwa epi nan menm moman sa a, tout kalite òganizasyon vin pouse tankou djondjon nan peyi a. Toupatou, peyizan yo mete tèt yo ansanm epi yo kòmanse di sak fè yo mal. Youn nan bagay òganizasyon peyizan toujou mande ni Leta ni ONG, se sèvis veterinè pou ede yo sove bèt yo. Depi nan ane 1970 Kèk ONG tankou Lopital Albè Chwatzè ak Legliz Metodis te bay yon repons. Repons sa a se fòme peyizan yo pou yo tounen ajan veterinè. Men pwoblèm nan pa janm ka rezoud nèt paske anpil ajan veterinè sa yo ki fòme pa jwenn ankadreman, sa vle di yo pa jwenn medikaman veterinè fasil pou yo travay; fòmasyon yo te resevwa a pa kontinye; yo pa jwenn moun ki pou sipèvize travay yo epi travay yo pa chita sou yon pwogram pou ta fè prevansyon maladi yo. Bò kote pa l, Leta pat janm gen yon politik klè nan zafè sante bèt yo. Sèl sa ki te konn fèt tanzantan se ti kanpay vaksinasyon ki pa touche tout seksyon kominal yo vre. Sèl lè Leta te fè yon gwo pwogram pou

rezoud maladi bèt, se touye li te touye tout kochon. Pou rezoud pwoblèm maladi a, li touye maladi la. Soti ane 86 rive nan ane 91, pifò òganizasyon peyizan yo te mete tout fòs yo pou defann demokrasi a, epòk sa a, tikrik tikrak koudeta ak masak te konn fèt. Pandan menm epòk sa a, gen òganizasyon ki te mete kèk ti pwogram sosyal ak ekonomik kanpe. Nan pwogram sa yo nou jwenn fòmasyon ajan veterinè. Responsab Leta yo te konn rele anmwe paske yo te konsidere yo tankou chalatan ki ta pral touye bèt peyizan yo, epi responsab sa yo te santi Entèvèt se te yon souflèt pou yo ki tap montre aklè kijan Leta pa pran responsabilite l.

Nan ane 1995, Ministè Lagrikilti vin decide sèvi ak ajan veterinè sa yo nan kanpay vaksinasyon. Nan ane 99, responsab sante bèt nan Ministè Lagrikilti pran desizyon pou yo rekonèt zafè ajan veterinè a nèt. Apre gwo kanpay vaksinasyon Entèvèt te fè ak Veterimed kote yo te vaksinen preske 1 milyon tèt bèt kont maladi chabon nan ane 98 ak 99, yo te wè aklè kòman ajan veterinè yo se yon gwo fòs ki kapab ede nan devlopman peyi a. Kidonk, Ministè Lagrikilti rasanble tout ONG ki te konn travay nan sante bèt epi yo vin decide kijan fòmasyon ajan veterinè pral kontinye fèt, kisa pou yo aprann. Ministè Lagrikilti vin mete kanpe Gwoupman Sante Bèt (GSB) yo. Gwoupman sa yo ta dwe kanpe...

Swit atik Entèvèt la ...

nan chak seksyon kominal. Se yo menm ki gen dwa vaksinen tout bèt nan non Leta kont maladi chabon, laraj, pès pèsin klasik, nyoukastèl ak maladi Gonboro. Lè Ministè Lagrikilti vin rekonèt ajan veterinè yo, li mobilize plizyè ONG pou fòme lòt ajan epi pou resikle sa ki te la yo. Jounen jodi a, gen pase 1500 ajan veterinè nan peyi a. Nan tout seksyon kominal nou ka jwenn yo. Asosyasyon Entèvèt, rasanble pifò ajan veterinè ki nan peyi a, kit yo nan GSB, kit yo pa nan GSB. Asosyasyon an la pou l pote kole nan devlopman peyi a epi nan pote alemye nan kondisyon lavi ti peyizan an. Manm Entèvèt yo se manm òganizasyon peyizan tou, paske se òganizasyon peyizan yo ki tap fè demach pou fòme ajan veterinè nan lokalite lakay yo. Entèvèt te rive genyen gwoup nan 75 komin nan peyi a. Gwoup sa yo reyini yon fwa pa mwa epi yo gen delege ki chita nan direksyon depatmantal ak yon direksyon nasyonal ki reyini chak 2 mwa, san fay, depi 1992. Chak ane, Entèvèt fè

yon asanble jeneral epi chak 2 zan li fè eleksyon pou komite ekzekitif nasyonal la. Jounen jodia manm Entèvèt yo ap kolabore nan vaksinasyon bèt ansanm ak GSB yo nan Ministè Lagrikilti. Gen plizyè gwoup Entèvèt ki patisipe nan divès aktivite ekonomik, gen sa ki genyen moulen manyòk tankou nan Limonad, gen lòt ki patisipe nan letri Lèt agogo tankou Jakmèl, Limonad ak Ench.

Entèvèt Jounen Jodi a

Depi 4 lane, manm Entèvèt yo travay nan amelyorasyon elvaj kabrit ak elvaj poul. Nan koze elvaj poul la menm, travay Entèvèt la ale nan sans ankouraje peyizan yo pote kèk chanjman nan fason yo gade poul yo, pou evite maladi tankou grip volay yo (grip avyè). Entèvèt se manm AHPEL ki se yon gwo asosyasyon k ap fè pwomosyon elvaj nan peyi d'Ayiti. Entèvèt se pi gwo òganizasyon kap pote sèvis veterinè bay peyizan nan peyi d'Ayiti. ■



Lèt bèf peyi nan lekòl yo



Rezo Nasyonal Lèt Agogo siyen yon akò ak Leta ayisyen pou distribiye lèt nan plizyè lekòl nan peyi a. Pou ane ki sot pase a, se 16 500 timoun ki soti nan 52 lekòl nasyonal te jwenn posiblite pou yo bwè yon boutèy lèt 2 fwa pa semèn gras ak akò sa a.

Nou jwenn Lekòl kap patisipe nan pwogram sa a nan depatman Nò, Latibonit, Lwès ak Sidès. Se letri ki chita bò lekòl yo ki ba yo lèt. Se peyizan nan zòn nan ki pwodui lèt la. Lèt la transfòme nan letri yo. Lèt la tou gen sik ladan l ak bonjan kannèl, vaniy, sitwonèl ou byen fèy bwadin. Lèt la trete yon fason pou li ka konsève 9 mwa san li pa bezwen nan glas.

Se 546 929 boutèy lèt ki te distribiye nan lekòl yo depi septanm 2007 rive jen 2008. Pou ane 2008 - 2009 la, Rezo Nasyonal Lèt Agogo a pi byen òganize toujou. Letri yo fè yon tèt ansanm, kote yo fonde Asosyasyon Rezo Nasyonal Letri Lèt Agogo yo (**RENALEA**). Asosyasyon an prevwa pou li bay plis lèt toujou, kote 21 600 timoun nan 57 lekòl ap jwenn 2 boutèy lèt chak semèn. Gen lòt letri kap antre nan pwogram nan tankou : Ferye, Ench, Pichon (Sidès) ak lòt ankò. Pwogram distribisyon manje nan kantin nan lekòl yo se yon gwo zouti pou devlopman peyi a, depi se pwodiksyon peyizan, yap bay valè. ■



Federasyon Nasyonal Pwodiktè Lèt Ayisyen

FENAPWOLA, se Federasyon Nasyonal Pwodiktè Lèt Ayisyen. Li pran nesans nan dat 15 desanm 2007.

Objektif FENAPWOLA se :

1. Gwoupe tout òganizasyon nan peyi a kap travay nan domèn pwodiksyon lèt ;
2. Travay pou amelyore kondisyon lavi peyizan pwodiktè lèt yo ;
3. Ede peyizan pwodiktè lèt yo jwenn bonjan ankadreman pou fè elvaj la pi byen nan peyi a. (Pandan y ap jwenn bon dlo, bon manje ak bon swen lasante pou bèt yo) ;
4. Ede mete kanpe asosyasyon pwodiktè lèt chak kote ki gen letri ;
5. Ede asosyasyon pwodiktè lèt yo vin manm letri bò lakay yo ;
6. Mennen pledwari devan leta pou se lèt kap pwodui nan peyi a ki gen plis valè pase lèt etranje ;
7. Batay pou fè leta kontwòle kantite lèt etranje k ap rantre nan peyi a ;
8. Batay pou leta mete plis sekirite pou vòlè sispenn pran bèt peyizan yo ;
9. Batay pou leta kontwòle kouman y ap touye bèt nan peyi a ;
10. Travay pou peyizan pwodiktè lèt jwenn bon kote pou yo vann lèt yap pwodui yo.

FENAPWOLA rasanble yon pakèt Asosyasyon pwodiktè lèt nan peyi a, tankou:

- ▷ Asosyasyon Pwodiktè Lèt Limonad (APWOLIM),
- ▷ Koperativ Elvè Terye Wouj (KOET),
- ▷ Gwoupman Elvè pou Devlopman Wanament (GEDWA),
- ▷ Mouvman Jèn Peyizan Mèje nan Jakmèl (MJEM),
- ▷ Asosyasyon Elvè Mòn Komisè (ASEM),
- ▷ Asosyasyon Devlopman Moleya nan Kwadèboukè (ADM),
- ▷ Oganizasyon Elvè Pwodiktè lèt Mèje nan Kwadèboukè (OEPLM),
- ▷ Asosyasyon Teknisyen Agrikòl pou Devlopman nan Verèt (ATAD),
- ▷ Asosyasyon Pwodiktè Lèt Ench (APWOLE),
- ▷ Asosyasyon Elvè Wo Kap Wouj (AEWK),
- ▷ Asosyasyon Pwodiktè Lèt Mamlad (APWLEM)
- ▷ Asosyasyon Fanm Limonad pou Devlopman, Pwodiksyon Agrikòl ak Atizana (AFLIDEPA). ■

Kantite boutèy lèt letri yo bay nan lekòl yo soti septanm 2007 rive jen 2008

Limonad	46,815
Mamlad	125,260
Leogàn	77,636
Akayè	39,384
Kwadèboukè (Bon repo)	9,898
Forèdèpen	94,264
Vèrèt	98,424
Jakmèl (Meyè)	48,348
Kay Jakmèl (Kap wouj)	6,900
TOTAL	546,929